

PREVNI YON ANPWAZÒNMAN MONOKSID KABÒN APRÈ YON EMÈJENSI

Monoksid kabòn (CO) se yon gaz ki san koulè, san odè ki kapab lakòz maladi epi lanmò brit sou kou si nou respire l'.

Lè gen yon pann kouran pandan emèjensi yo, tankou ouragan oubyen tanpèt nèt yo, itilizasyon lòt sous altènativ gaz oubyen kouran pou chofe, rafrech oubyen fè manje kapab lakòz ke CO ogmante nan kay lan, garaj oubyen nan machin kanping nan epi anpwazone moun avèk bèt yo ki anndan l'.

Chak ane, plis pase 400 moun mouri Ozetazini de anpwazònman aksidantèl CO. Nou jwenn CO nan vapè dife, tankou sa yo ki pwodui pa ti motè gazolin, recho, jeneratris, lantèn avèk kizinyè ak gaz oubyen nan boule chabon avèk bwa. CO de sous sa yo kapab ogmante nan espas fèmèn oubyen fèmèn an pati. Moun ansanm avèk bèt nan espas sa yo kapab anpwazone epi mouri nan respire CO.


KIJAN NOU KAPAB REKONÈT ANPWAZÒNMAN PA CO

Ekspozisyon a CO kapab lakòz ou pèdi konesans epi lanmò. Sentom ki pi komen anpwazònman CO an se tèt fè mal, tèt vire, feblès, noze, vomi, doulè nan lestomak avèk konfizyon. Moun ki t'ap dòmi oubyen ki t'ap bwè alkòl kapab mouri akòz anpwazònman CO anvan yo menm gen sentom yo.

KONSÈY ENPÒTAN SOU PREVANSYON ANPWAZÒNMAN CO

- Pa janm itilize yon kizinyè a gaz oubyen fou pou chofe yon kay.
- Pa janm kite yon motè ap mache nan yon machin ki pake nan yon espas fèmèn oubyen fèmèn an pati, tankou yon garaj.
- Pa janm kite motè yon machin, jeneratris, machin lavaj a presyon oubyen nenpòt ki motè ki mache avèk gazolin deyò yon fenèt ki ouvè, pòt oubyen yon kondui anndan yon kote ki fèmèn.
- Pa janm pati yon jeneratris, machin lavaj a presyon oubyen nenpòt ki motè ki mache ak gazolin anndan yon besment, garaj oubyen lòt kote ki fèmèn, menm si pòt yo avèk fenèt yo ouvè, a mwens ke ekipman an ta enstale pwofesyonèlman epi ayere. Kenbe kondui yo avèk kondui chemine yo san debri, espesyalman si van yo anpil. Debri k'ap vòlè yo kapab bloke liy vantilasyon yo.
- Pa janm itilize yon griy ak chabon, hibachi, lantèn oubyen recho pòtab yo anndan yon kay, tant oubyen machin kanping.
- Si kondisyon yo twò cho oubyen twò frèt, chèche refij kay zanmi oubyen nan yon refij kominotè.
- Si nou sispèk anpwazònman CO, konsilte yon pwofesyonèl sante tou swit.

PLIS ENFÒMASYON

 preparedness.health.maryland.gov

 facebook.com/MarylandOPR

 twitter.com/MarylandOPR

 health.maryland.gov

 facebook.com/MarylandDHMH

 twitter.com/MDHealthDept

*Information adapted from the Centers for Disease Control and Prevention (CDC), www.emergency.cdc.gov/disasters/cofacts.asp.
For more information, visit www.emergency.cdc.gov/disasters/carbonmonoxide.asp.*



MARYLAND
Department of Health

Office of Preparedness and Response

Updated 11/2017